

De liy kominikasyon

Pa Èldè Dallin H. Oaks

Nan Kolèj Douz Apot yo

Nou dwe itilize ni liy pèsònèl la ni liy prètriz la nan bon balans kòrèk pou nou ka atenn kwasans ki se objektif lavi mòtèl la.

Papa nou ki nan syèl la bay pitit li yo de liy kominikasyon avèk li---sa nou ka rele liy pèsònèl la ak liy Prètriz la. Nou tout dwe konprann epi gide pa de liy kominikasyon esansyèl sa yo.

I. Liy pèsònèl la

Nan liy pèsònèl la, nou priye Papa nou ki nan Syèl la dirèkteman, epi li reponn nou pa kanal li etabli yo, san pase pa yon moun entèmedeyè. Nou priye Papa nou ki nan Syèl la, nan non Jezikri, epi li reponn nou atravè Sentepri I la, e okenn lòt fason ankò. Misyon Sentepri a se pou bay temwayaj konsènan Papa a ak Pitit Gason an (gade Jan 15:24; 2 Nefi 31: 8; 3 Nefi 28:11), pou gide nou nan laverite (gade Jan 14:26; 16:13), ak pou montre nou tout sa nou dwe fè (gade 2 Nefi 32:5). Liy kominikasyon pèsònèl sa a avèk Papa nou ki nan Syèl la atravè Espri Sen I la se sous temwayaj nou sou laverite, sou konesans, ak sou gidans pèsònèl nou nan men yon Papa eman ki nan Syèl la. Se yon karakteristik esansyèl nan plan levanjil mèveye I la, ki pèmèt chak pitit li yo resevwa yon temwayaj pèsònèl konsènan verite li.

Kanal kominikasyon pèsònèl dirèk sa a avèk Papa nou ki nan Syèl la atravè Sentepri a baze sou diyite epi li si esansyèl ke yo kòmande nou pou nou renouvle alyans nou yo nan pran Sentsèn chak jou Saba. Nan fason sa a nou kalifye pou pwomès pou nou toujou gen Lespri li avèk nou, pou gide nou.

Konsènan liy kominikasyon pèsònèl sa a avèk Senyè a, kwayans nou ak pratik nou menmjan avèk pa Kreyen sa yo ki ensiste ke medyatè imen ant Bondye ak lòm pa nesèsè paske nou tout gen aksè dirèk avèk Bondye selon prensip Martin Luther te anbrase a ke nou konnen jodi a kòm “prètriz tout kwayan yo.” Ma pale plis sou sa apre.

Liy pèsònèl la ekstrèmman enpòtan nan desizyon pèsònèl ak nan jere fanmi. Malerezman, gen kèk manm nan legliz nou an ki souzestime bezwen pou liy pèsònèl dirèk sa a. An repons ak lidèchip pwofetik ki ekstrèmman pa gen okenn dout---liy Prètriz la, ki opere prensipalman pou gouvènè kominikasyon selès sou zafè Legliz la---gen moun ki chèche fè dirijan Prètriz yo pran desizyon pèsònèl pou yo, desizyon yo ta dwe pran pou tèt pa yo pa enspirasyon atravè liy pèsònèl yo a. Desizyon pèsònèl ak gouvènè fanmi se prensipalman yon zafè liy pèsònèl la.

Mwen santi pou m ajoute de lòt avètisman nou ta dwe sonje konsènan liy kominikasyon dirèk pèsònèl presye sa a avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Premyèman, nan fòm konplè li, liy pèsònèl la pa fonksyone endepandan de liy Prètriz la. Don Sentepri a---mwayen kominikasyon Bondye avèk lòm nan---konfere pa otorite Prètriz la, jan I otorize pa moun ki detni kle Prètriz yo. Li pa vini senpleman pa dezi oubyen kwayans. E dwa pou konpayi konstan Lespri a bezwen afime chak jou Saba lè nou pran Sentsèn ak renouvle alyans obeyisans ak sèvis nou fè nan batèm yo.

Menmjan tou, nou pa ka byen kominike atravè liy dirèk pèsònèl la, si nou dezobeyi oubyen nou pa an amoni avèk liy Prètriz la. Senyè a deklare ke “pouvwa syèl la pa kapab kontwole ni manipile san se pa avèk prensip lajistis” (D&A 121:36). Malerezman, li kouran pou n wè ke moun ki vyole kòmandman Bondye yo oubyen ki dezobeyi konsèy dirijan Prètriz deklare ke Bondye revele yo ke yo pa bezwen obeyi kèk kòmandman oubyen suiv kèk konsèy. Moun sa yo gen dwa resevwa revelasyon oswa enspirasyon, men li pa soti nan sous yo sipoze a. Dyab la se papa tout manti, e li toujou anvi kontrarye travay Bondye a avèk imitasyon entelijan l yo.

II. Liy Prètriz la

Diferan avèk liy pèsònèl la, kote Papa nou ki nan Syèl la kominike dirèkteman avèk nou atravè Sentespri a, liy kominikasyon Prètriz la gen entèmedyè adisyonèl ak nesèsè, Sovè nou an, Jezikri, Legliz li a, ak dirijan li chwazi yo.

Poutèt sa li te akonpli pa sakrifis ekspyatwa l la, Jezikri gen pouvwa pou fikse kondisyon nou dwe ranpli pou kalifye pou benediksyon Ekspyasyon l yo. Se poutèt sa nou gen kòmandman ak òdonans. Se poutèt sa nou fè alyans. Se fason nou kalifye nou pou benediksyon yo pwomèt yo. Yo tout vini atravè mizèrikòd ak gras Sen Izrayèl la, “apre tout sa nou kapab fè” (2 Nefi 25:23).

Pandan ministè terès li a, Jezikri te konfere otorite Prètriz la ki pote non l lan epi li te etabli yon legliz ki pote non l tou. Nan dènye dispansasyon sa a, otorite Prètriz li a te retabli epi Legliz li a te retabli atravè ministrasyon selès Pwofèt Joseph Smith te resevwa. Prètriz retabli sa a ak Legliz retabli sa a se kè liy Prètriz la.

Liy Prètriz la se kanal Bondye te sèvi pou pale avèk pitit li yo atravè ekriti yo nan tan pase yo. Epi se liy sa a li toujou itilize pou l pale atravè ansèyman ak konsèy pwofèt ak apot vivan yo ak lòt dirijan enspire yo. Sa se fason nou resevwa òdonans nesèsè yo. Sa se fason nou resevwa apèl pou sèvi nan Legliz li a. Legliz la se chemen an epi Prètriz li a se pouvwa atravè ki nou gen privilèj patisipe nan aktivite koperasyon sa yo ki esansyèl pou akonpli travay Senyè a. Bagay sa yo enkli tankou preche levanjil la, bati tanp ak chapèl, ak ede pòv yo.

Nan zafè liy Prètriz sa a, kwayans nou ak pratik nou menmjan avèk ensistans kèk Kretyen ki di ke òdonans [sakreman] ofisyèl esansyèl e dwe akonpli pa yon moun otorize epi chwazi pa Jezikri (gade Jan 15:16). Nou kwè menm bagay la, men natirèlman, kwayans nou diferan avèk lòt Kretyen yo sou fason nou trase otorite sa a.

Gen kèk manm oswa kèk ansyen manm legliz nou an ki pa rekonèt enpòtans liy Prètriz la. Yo souzestime enpòtans Legliz la ak dirijan l yo ak pwogram li yo. Pandan ke yo konte totalman sou liy pèsònèl la, yo suiv pwòp chemen pa yo, ap pretann pou defini doktrin ak dirije òganizasyon konpetisyon ki kontrè ak ansèyman pwofèt dirijan yo. Lè yo fè sa, yo demontre atitud ostil, ki si kouran nan mond modèn nan, anvè sa kèk moun rele “relijyon òganize” nan yon fason meprizan. Moun ki rejte bezwen pou gen relijyon òganize yo rejte travay Mèt la, ki te etabli Legliz li a ak ofisye l yo nan midi tan yo epi ki re etabli yo nan tan modèn nan.

Relijyon òganize, etabli pa otorite divin, esansyèl, jan Apot Pòl te anseye a:

“Pou pèfeksyonman Sen yo, pou travay ministè a, pou edifikasyon kò Kris la:

“Jiskaske nou tout rive nan inite lafwa, ak nan konesans Pitit Gason Bondye a, rive nan eta lòm pafè, nan mezi devlopman pafè Kris la” (Efezyen 4: 12--13).

Nou tout dwe sonje deklarasyon Senyè a nan revelasyon modèn nan ke vwa sèvitè Senyè a se vwa Senyè a (gade D&A 1:38; 21:5; 68:4).

Mwen vle ajoute de avètisman anrapò avèk konte sou liy vital Prèttriz la ke nou dwe sonje.

Premèman, liy prèttriz la pa elimine bezwen liy pèsònèl la. Nou tout bezwen yon temwayaj pèsònèl sou laverite. Amezi lafwa nou ap devlope, n ap nesèsman konte sou pawòl ak lafwa lòt moun, tankou paran nou, enstriktè nou, oswa dirijan Prèttriz (gade D&A 46:14). Men si nou sèlman depann sou yon dirijan oswa yon enstriktè patikilye nan Prèttriz la pou temwayaj pèsònèl nou konsènan laverite, olye nou akeri temwayaj sa a atravè liy pèsònèl la, n ap ajamè ekspoze anba dezanchantman ak destriksyon espirityèl pa aksyon moun sa a. Lè n rive nan yon konesans matirite oswa yon temwayaj konsènan laverite, nou pa dwe depann sou yon moun kòm medyatè ant nou menm ak Papa nou ki nan Syèl la.

Dezyèmman, liy Prèttriz la pa ka fonksyone totalman ak trè byen pou nou si nou pa diy ak obeyisan. Plizyè ekriti anseye ke si nou pèsiste nan pa respekte kòmandman Bondye yo “I ap chase nou nan prezans li” (Alma 38:1). Lè sa rive, Senyè a ak sèvitè l yo seryezman limite nan kapasite pou ba nou èd espirityèl e nou pa ka jwenn ni pou poukont pa nou.

Listwa ba nou yon egzanp vivan sou enpòtans sèvitè Senyè a ki prepare pou an amoni avèk Lespri. Jèn pwofèt Joseph Smith, pa t ka tradui lè l te fache oswa ankòlè.

David Whitmer rakonte: “Yon jou maten pandan l t ap prepare l pou kontinye tradiksyon an, te gen yon pwoblèm nan kay la epi li te fache pou sa. Yon bagay ke Emma, madanm ni, te fè. Oliver avèk mwen te monte anwo a, epi Joseph te vini tousuit pou kontinye tradiksyon an, men li pa t ka fè anyen. Li pa t ka tradui menm yon silab. Li te desann eskalye a, li te ale nan jaden an, epi li te priye Senyè a; li te ale pandan inèdtan---apre l te retounen nan kay la, li te mande Emma padon epi apres a li te monte vin kote nou te ye a epi tradiksyon an te kontinye byen pwòp. Li pa t ap kapab fè anyen si l pa t enb ak fidèl.”¹

III. Nou bezwen toulède liy yo

M ap fini avèk pi plis eksplikasyon sou lefèt ke nou bezwen de liy yo Papa nou ki nan Syèl la etabli pou kominike avèk pitit li yo. Toulède liy yo esansyèl pou objektif li pou reyalize imòtalite ak lavi etènèl pitit li yo. Yon ansyen resi nan ekriti yo osijè bezwen sa a se nan konsèy pè Jethro te bay Moyiz la pou l pa t eseye fè si anpil konsa a. Pèp la te konn vin jwenn dirijan Prèttriz yo depi meten jis aswè pou “konnen sa Bondye vle” (Egzòd 18:15) epi tou pou “rann jijman pou yo” (vèsè 16). Nou souvan note kijan Jethro te konseye Moyiz pou chwazi jij pou regle konfli pèsònèl yo (gade vèsè 21--22). Men Jethro te bay Moyiz konsèy ki ilistre enpòtans liy pèsònèl la tou:

“Wa anseye yo lwa ak òdonans yo, epi wa fè yo konnen jan pou yo viv ak sa yo dwe fè” (vèsè 20; italik ajoute)

Otremandi, yo dwe anseye Izrayelit yo ki te suiv Moyiz yo pou yo pa pote chak kesyon devan dirijan Prèttriz sa a. Yo te bezwen konprann kòmandman yo epi chèche enspirasyon pou rezoud pifò pwoblèm yo pou tèt pa yo.

Evenman k fèt sot pase nan peyi Chili a ilistre bezwen de liy yo. Chili te sibi yon tranblemandtè devastan. Anpil nan manm nou yo te pèdi kay yo; genyen k te pèdi manm fanmi yo. Anpil te pèdi konfyans. Byen vit--paske Legliz nou an prepare pou reponn ak kalite dezaz sa yo---nou te voye manje, tant, ak lòt materyèl pou ede. Sen nan Chili yo te tandè vwa Senyè a atravè Legliz la ak dirijan l yo nan reponn ak bezwen materyèl yo. Men, osibyen ke liy Prèttriz la te fonksyone, sa pa t ase. Chak manm te bezwen chèche Senyè a nan lapriyè pou resevwa mesaj rekonfò ak gidans dirèk ki vini atravè Sentespri a pou moun k ap chèche ak koute.

Travay misyonè nou an se yon lòt egzans sou bezwen de liy yo. Gason ak fi ki aple pou vin misyonè yo di ak dispose akòz ansèyman yo te resevwa atravè liy Prèttriz la ak temwayaj yo te resevwa atravè liy pèsònèl la. Yo aple atravè liy Prèttriz la. Aprea, antanke reprezantan Senyè a ak liy Prèttriz li a, yo anseye envestigatè yo. Moun ki vrèman ap chèche laverite yo koute, epi misyonè sa yo ankouraje yo pou yo priye pou konnen verite mesaj la pou tèt pa yo atravè liy pèsònèl la.

Yon dènye egzans ilistre kijan prensip sa yo aplike a sijè otorite Prèttriz la nan fanmi yo ak nan Legliz la.² Tout otorite Prèttriz la nan Legliz la fonksyone sou direksyon yon moun ki detni kle Prèttriz apwopriye yo. Sa se liy Prèttriz la. Men otorite ki prezide nan fanmi an---keswa papa oswa manman selibatè---fonksyone nan zafè fanmi san bezwen jwenn otorizasyon nan men yon moun ki detni kle Prèttriz yo. Sa a se tankou liy pèsònèl la. Toulède liy yo dwe fonksyone nan lavi familyal nou ak nan lavi pèsònèl nou si nou bezwen grandi ak atenn destine Papa nou ki nan Syèl la vle pou pitit li yo.

Nou dwe itilize ni liy pèsònèl la, ni liy Prèttriz la, byen balanse, pou n atenn kwasans lan ki se objektif lavi nou sou tè a. Si pratik relijye pèsònèl nou repoze totalman sou liy pèsònèl la, lè sa a, endividalite efase enpòtans otorite divin nan. Si pratik relijye nou repoze sou liy Prèttriz la, lè sa a kwasans soufri. Pitit Bondye yo bezwen toulède liy yo pou atenn destine etènèl yo. Levanjil retabli a anseye toulède, epi Legliz retabli a founi toulède.

Mwen temwaye konsènan pwofèt Senyè a, Prezidan Thomas S. Monson, ki detni kle ki gouvènè liy prèttriz la. Mwen temwaye konsènan Senyè Jezikri, ke legliz sa a se legliz li a. Epi mwen temwaye konsènan levanjil retabli a, ke nou chak kapab konnen si li vrè, atravè presye liy pèsònèl la avèk Papa nou ki nan Syèl la. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Nan "Letter from Elder W. H. Kelley," *The Saints' Herald*, Mar. 1, 1882, 68. A similar report is quoted in B. H. Roberts, *A Comprehensive History of the Church*, 1:131.
2. Gade Dallin H. Oaks, "Priesthood Authority in the Family and the Church," *Liahona*, Nov. 2005, 24–27.